

ULANGAN HARIAN BAHASA JAWA

TEKS WACANA DAN TEKS PEWARA

Nama :

No :

Kelas :

A. Wacanen Kang premati teks tanggap wacana ing ngisor iki.

Tanggap Wacana (Pidhato) Purnawiyata Siswa Kelas IX

Assalamualaikum Wr. Wb.

Nuwun Bapak/Ibu Kepala Sekolah ingkang kinurmatan, tamu undangan,

Bapak/Ibu Guru saha karyawan ingkang kula hormati,

Bapak/ibu Staf Tata Usaha ingkang dhahat kinurmatan

adhik-adhik kelas tuwin rencang-rencang ingkang kula tresnani.

Puji syukur konjuk wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit ing wekdal menika kita sedaya taksih piningan rahmat saengga ing wekdal menika kita saged makempal kanthi piningan karaharjan.

Kula minangka wakil saking siswa kelas IX, ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa upami dhumateng Bapak Ibu Guru, awit saking sih katresnan anggenipun nggulawentah dhumateng kula sekanca, saengga saged ngrampungaken kewajiban anggen kula sakanca ngangsu kawruh wonten ing pawitan menika. Kula sakanca naming saged memuji, mugi-mugi sedaya amal lan kesaenan Bapak Ibu Guru pikantuk piwales saking Gusti Allah ingkang Maha Agung, saha tansah piningan kasarasan, kawilujengan lan katentreman saengga saged nggulawentah dhateng adhik-adhik sedaya ngantos dumugi paripurna kanthi biji ingkang maremaken. Mboten kesupen kula sakanca ugi nyuwun pangapunten, awit kula sakanca asring ndamel Bapak Ibu duka lan kuciwa, awit saking atur saha solah bawa kula sakanca ingkang mboten mranani penggalih panjenengan sedaya.

Dhumateng Bapak/Ibu Guru lan adhik-adhik sedaya, sepisan malih kula ndedonga mugi tansah piningan rahmat saha barokahing Gusti Allah, Amin.

Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang mboten mranani penggalih, kula nyuwun pangapunten.

Wassalamualaikum Wr. Wb.

- B. Jawaben kanthi pratitis wangsulan ing ngisor iki
1. Teks Pidato Ing dhuwur nuduhake ing adicara....
 - a. Pambagya khitanan
 - b. Pambagya temanten
 - c. Pambagya purnawiyata kelas IX
 - d. Pambagya purnawiyata kelas XI
 2. Salam pakurmatan kang sapisanan marang para rawuh/tamu ing teks atur pambagya ing dhuwur diarani....
 - a. Salam pambuka
 - b. Salam wekasan
 - c. Salam pakurmatan
 - d. Salam pungkasan
 3. Nuwun Bapak/Ibu Kepala Sekolah ingkang kinurmatan, tamu undangan, Bapak/Ibu Guru saha karyawan ingkang kula hormati, adhik-adhik kelas tuwin rencang-rencang ingkang kula tresnani. Pethikan ukara kasebut kalebu....
 - a. Purwaka
 - b. Salam wekasan
 - c. Panyapa
 - d. Surasa basa
 4. "Puji syukur konjuk wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit ing wekdal menika kita sedaya taksih pinaringan rahmat saengga ing wekdal menika kita saged makempal kanthi pinaringan karaharjan."
Perangan teks tanggap wacana ing dhuwur diarani....
 - a. Salam pambuka
 - b. Purwaka
 - c. Surasa basa
 - d. Panutup
 5. Atur pamuji syukur marang Gusti Allah lan atur panuwun marang para rawuh/tamu sing kaperang rawuh, ing teks pambagyaharja ing dhuwur diarani....
 - a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-arep
 - d. Wusana
 6. Panyapa sajrone teks Atur Pambagya ing dhuwur ditujokake marang, kajaba....
 - a. Bapak/ibu kepala sekolah

- b. Bapak/ibu guru
 - c. Bapak/ibu Kepala Dinas Pendidikan
 - d. Bapak/ibu Staff tata usaha
7. “Saderengipun ninggalaken pawiyatan punika keparenga kula sakanca nyuwun pangestu saha donga saking Bapak/Ibu Guru ingkang tansah kula sakanca antu-antu, mugu-mugu gegayuhan kula lan kanca-kanca kelas IX saged gangsar lan kaleksanan ing tembe burinipun.”
Andharan kasebut kalebu.....
- a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-ngarep
 - d. Wusana
8. “Para lenggah ingkang kinurmatan, cekap semanten atur perpisahan punika, menawi wonten kiranging atur kaladuking wicantenan, kula tansah nyuwun agunging Samudra pangaksami.” Andharan kasebut kalebu.....
- a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-arep
 - d. Panutup
9. Salam pungkasan marang para tamu utawa sing kaperang rawuh, diarani.....
- a. Salam taklim
 - b. Salam karaharjan
 - c. Salam pambuka
 - d. Salam panutup
10. Assalamu’alaikum warahmatullahi wabarakatuh. Mugi katentreman tansah kasarira dhateng kita sadaya.
Ukara iki ana ing sajroning, diarani....
- a. Purwaka
 - b. Surasa basa
 - c. Pangarep-arep
 - d. Salam pambuka
11. Salam pungkasan marang para tamu utawa sing kaperang rawuh, diarani.....
- a. Salam taklim
 - b. Salam karaharjan
 - c. Salam pambuka
 - d. Salam panutup
12. Kula cekapi semanten rumiyin rumiyin atur kula, bilih wonten kiranging atur mawantu-wantu kula nyuwun lumunturing samodra pangaksami.
Ing dhuwur iku tuladha perangan sesorah yaiku.....
- a. Isi

- b. Pambuka
 - c. Panutup
 - d. Surasa
13. Sikape tangan nalika pidhato manut kabudayan jawa kang trep yaiku
- a. Tangan capeng
 - b. Tangan sikep istirahat
 - c. Tangan sakpenake
 - d. Ngapurancang
14. Jamaah jumat ingkang kawula bhekteni, monggo kita sareng-sareng nglampahi sedaya ingkang sampun perintah dining Alloh SWT. Lan nebihi sedaya larangan-laranganipun. Ukara-ukara ing inggil minangka tuladha
- a. Sesorah
 - b. Khotbah
 - c. Atur pambagya
 - d. Atur pranatacara

Wacanen kagem mangsuli pitakonan nomor 15-17!

Assalamualaikum wr. wb.

Bapak kepala madrasah ingkang kinurmatan

Bapak saha ibu guru ingkang satuhu luhuring budi

Para kanca kang kula tresnani

Sumangga langkung rumiyin ngaturaken syukur dhumateng Gusti Mahakwasa ingkang sampun paring rahmat saengga kita saged makempal kanthi bagas waras wonten ing pahargyan pengetan dinten Kartini puniki.

Pengetan dinten Kartini wigatos sanget tumrap kula panjenengan sedaya. R.A. Kartini pindanipun sekar ingkang tansah mbabar angambar ganda arum ing bangsa Indonesia. Labuh lebetipun R.A. kartini saestu luhur sanget tumrap kaum Wanita. Langkung-langkung ing wekdal sapunika ingkang taksih kedah meres penggalih kagem majengipun bangsa.

Pancen sampun dipunkodratakan para wanita saha limrah nggadahi raos ingkang kalangkung alus. Sanadyan makaten, awit saking pangribawanipun lelabetanipun Ibu Kartini, para wanita saged nggadahi manah ingkang tansah makantar pindha waja ngudi kautaman.

Kanthe makaten, sumangga kadang-kadang putri sami saged nglajengaken gegayuhan tuwin lelabetanipun Ibu Kartini ingkang luhur punika. Tansah ngudi jatidhirinipun putri Indonesia ingkang prasaja, mrantasi sadengah karya.

Wassalamualaikum wr. wb.

15. Miturut teks ing inggil, kang kalebet perangan pambuka inggih menika
 - a. Assalamualaikum wr. wb.
 - b. Pancen sampun dipunkodrataken para wanita saha limrah nggadahi raos ingkang kalangkung alus.
 - c. Sumangga langkung rumiyin ngaturaken syukur dhumateng Gusti Mahakwasa ingkang sampun paring rahmat
 - d. Bapak kepala madrasah ingkang kinurmatan, Bapak saha ibu guru ingkang satuhu luhuring budi, Para kanca kang kula tresnani
16. Isi teks pidhato ing inggil yaiku
 - a. Reroncening adicara pengetan dinten Kartini.
 - b. Lelabetanipun Ibu Kartini tumrap para wanita Indonesia.
 - c. Jinis-jinis lomba kang bakal ditindakake kagem mengeti dina Kartini.
 - d. Pangajak kagem para wanita supaya nggadahi buku Habis Gelap Terbitlah Terang karangan R.A. Kartini
17. Ing inggil punika kang boten kalebu tuladha purwaka pidato kang trep inggih menika nomer
 - a. 1
 - b. 2
 - c. 3
 - d. 4
18. Assalamu'alaikum wr. Wb. Mugi asihing Gusti tansah pinaringaken ing Panjenengan sedaya.
Ing inggil punika minangka tuladha ing pidato/tanggap wacan.
 - A. Salam Pambuka
 - B. Pangarep-arep
 - C. Purwaka
 - D. Surasa
19. Ngomong ing ngarepe wong akeh kanthe ancas lan tujuwan tartamtu yaiku....
 - a. Nembang
 - b. Ndonga
 - c. Maca geguritan
 - d. Tanggap wacana
20. Ing ngisor iki mujudake tugas lan kuwajibane pranata cara utawa (MC), kajaba....
 - a. Mbukak/miwiti sawijine acara
 - b. Nenuntun (mandu) sawijine adicara
 - c. Ngatur tugas lan kewajibane sinoman
 - d. Nutup sakabehe rerangkene adicara

